



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN SIBVANSYON FINANSMAN DEMARAJ
200 MILYON DOLA NEW YORK KI SE PREMYE NAN PEYI A POU BIZNIS KI NAN
FAZ INISYAL YO KE COVID-19 AFEKTE**

*Bay asistans pou ede biznis ki piti ak mikwo ki nan faz inisyale yo pou rekipere ak
grandi nan ekonomi apre pandemi an*

***Pwogram reyisi Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis nan kad Pandemi COVID-
19 la pral elaji elijibilite amezi l ap redui finansman ki disponib la***

***W ap jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Sibvansyon Finansman Demaraj la
[isit la.](#)***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te anonse ke pòtay aplikasyon yo pou Pwogram Sibvansyon Finansman Demaraj ki se premye nan peyi a, ki te kreye nan kad Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a, pral ouvri nan 14 septanm. Pwogram lan bay sibvansyon fleksib pou sipòte biznis ki piti ak mikwo ki nan faz inisyale yo nan yon ekonomi Eta New York k ap rekipere toujou. Pwogram nan pral asire ke ti biznis ki te ouvri pòt yo nan yon ti tan anvan oswa pandan pandemi COVID-19 la pral gen lajan pou kontinye opere ak grandi.

"Pwogram Sibvansyon Finansman Demaraj ki se premye nan peyi a konplete 1 milya dola nan finansman fleksib pou sipòte biznis piti ak mikwo ki nan faz inisyale ak etabli yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Biznis New York yo te pami sila yo ki te plis frape nan tout peyi a nan somè pandemi an, men avèk finansman sa a, nou ap pwolonje yon pwogram sekou pou ede yo kontinye grandi ak opere. Aplikasyon yo ap ouvri demen, epi mwen ankouraje tout pwopriyete biznis New York yo pou yo byen pwofite sa epi pou yo fè pati rekiperasyon remakab New York la".

Pwogram sa a baze sou Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis nan Kad Pandemi Eta New York la ki se 800 milyon dola, ki te bay plis pase 639 milyon dola pou plis pase 35,000 ti biznis depi lè li te lanse ane pase a, kote katrevendis pousan nan finansman an te ale jwenn biznis ke minorite ak fanm yo posede. Apati jodi a, Empire State Development pral elaji elijibilite pou pwogram nan, sa k ap pèmèt plis ti biznis jwenn aksè nan finansman nan retire egzijans ke biznis yo montre yon pèt vennsenk pousan nan resi anyèl brit soti nan 2019 rive 2020. Agrandisman elijibilite sa a vini anplis chanjman nan pwogram anvan yo nan egzijans sou pwofi ak limit nan revni, ki vize pou

sèvi lòt ti biznis. Pwogram nan, ki pral kontinye trete aplikasyon yo kounye a nan rezèv la, pral fèmen kòm finansman amezi finansman an ap fini nan 30 septanm 2022.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pandemi an te gen yon gwo enpak sou ekonomi nou an epi biznis piti ak mikwo nou yo te pami sila yo ki pi frape, espesyalman nan Eta New York. Sipòte ti biznis Eta nou yo se te yon priyorite nan administrasyon Gouvènè Hochul la epi mezi yo te pran pou elaji elijibilite ak libere finansman te ede anpil biznis rete sou wout. Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis nan kad Pandemi an ki se 800 milyon dola a epi kounye a nouvo Pwogram Sibvansyon Finansman Demaraj la make sipò san parèy pou ti biznis Eta New York yo ak pou siksè ekonomik nou alavni".

PWOGRAM SIBVANSYON FINANSMAN DEMARAJ LA:

Nouvo Pwogram Sibvansyon Finansman Demaraj la fèt pou sipòte biznis piti Eta New York la ak, mikwo, ak òganizasyon atizay ak kiltirèl endepandan san bi likratif yo ki te kòmanse fonksyone nan dat 1ye septanm 2018 oswa apre epi ki t ap fonksyone depi omwen sis mwa anvan yo te soumèt yon aplikasyon. Aplikan yo dwe genyen ant 5,000 dola ak 1 milyon dola nan resi brit chak ane jan yo reflekte nan dènye deklarasyon taks federal biznis yo. Nou ka jwenn plis direktiv detaye [isit la](#).

Prim pou biznis ki elijib yo baze sou deklarasyon taks 2020 oswa 2021 yo. Biznis ki gen resi brit ant 5,000 dola ak 49,999.99 dola ka resevwa 5,000 dola pou chak biznis. Biznis ki gen 50,000 dola a 99,999.99 dola nan resi brit yo ka resevwa 10,000 dola pou chak biznis. Biznis ki gen 100,000 dola a 1 milyon dola nan resi brit yo pral resevwa dis pousan nan resi brit yo avèk yon kantite maksimòm sibvansyon ki se 25,000 dola pou chak biznis. Aplikan ki elijib ki poko depoze yon deklarasyon taks federal ka resevwa 5,000 dola pou chak biznis.

PWOGRAM SIBVANSYON POU REKIPERASYON TI BIZNIS APRE PANDEMI:

Biznis ki te kòmanse men ki poko ranpli aplikasyon aktyèl yo pou Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis yo nan kad Pandemi an dwe soumèt tout enfòmasyon ki nesèsè yo anvan 5:00 p.m. nan 30 septanm 2022. Eta New York rekonèt divès defi pwopriyetè ti biznis yo ap fè fas a, li bay asistans youn a youn, wèbinè, yon sant apèl, ak materyèl nan katòz lang pou asire plis aksè nan finansman enpòtan sa a. Anplis de sa, rezo òganizasyon patnè ESD ki ofri sèvis sipò pou antreprenè ak ti biznis yo pral bay asistans avèk aplikasyon pou sibvansyon ak prè sekou nan kad pandemi an. N ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis nan kad Pandemi an gen gwo eksperyans nan zafè garanti finansman enpòtan yo prale jwenn biznis ki elijib ki pi bezwen yo: Mikwo-biznis, ki defini kòm konpayi ki gen dis oswa mwens anplwaye, te resevwa plis pase 98 pousan nan prim yo. Yo te akòde yon ti kras plis pase 90 pousan nan sibvansyon bay antrepriz biznis minorite ak fanm posede (MWBE) ak plis pase 47 pousan nan sibvansyon yo te ale jwenn biznis ki sosyalman ak ekonomikman defavorize. Jiskaprezan, prim sibvansyon an mwayèn lan se apeprè 17,783 dola.

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "Ti Biznis yo te frape espesyalman di pandan pandemi an epi Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis nan Kad Pandemi an ki se 800 milyon dola a te yon sekou pandan yon epòk boulvèsan. Nouvo Pwogram Demaraj Ti Biznis yo pral ede sipòte nouvo biznis k ap fè fas ak depans enprevi, epi mwen ankouraje biznis piti ak mikwo ki elijib yo pou yo pwofite pwogram enpòtan sa a".

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Kòm Prezidan Komite Devlopman Ekonomik la, mwen te goumen pou yon plan rekiperasyon ekonomik enklizif ki pral bay fanmi nou yo ak biznis nou yo yon koutmen. Apre pandemi an, ti biznis yo te lite, gen kèk ki te fèmen, ak lòt ki toujou ap ezite ant fèmen ak rete ouvè. Ti biznis sa yo, espesyalman sila ki nan kominote ki defavorize ekonomikman yo, oswa sa moun koulè yo posede yo, te gen COVID-19 la ki afekte yo nan fason ki pa pwopòsyonèl. Ede ti biznis sa yo ke pandemi an te afekte gravman se yon gwo priyorite pou mwen epi mwen ankouraje pou m wè Pwogram Sibvansyon Finansman Demaraj la lanse kounye a. Envestisman sa yo nan ti biznis nou yo ak lòt endistri yo pral ede asire yon rekiperasyon ekonomik ekitab ak enklizif pou tout moun".

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Mwen pa ka panse a yon moman ki pi difisil pou m kòmanse yon ti biznis pase yon ti tan anvan pandemi COVID-19 la te frape epi li te vire tout bagay tèt anba. Pwogram Sibvansyon Finansman Demaraj la se yon sekou vital pou biznis lokal nou yo epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip solid li sou sa. Mwen pral kontinye goumen pou ranfòse ti biznis ki kreye travay epi ki fè kominote nou yo vin pi solid".

Nou ka jwenn yon lis konplè tout pwogram asistans biznis nan kad COVID-19 ESD yo [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418